


Ibibazo bikunda kubazwa (FAQ) : e-KORI Ishirwa mu ngiro ry'ubuhinga bwa mbere (SSM1) – Intambwe nshasha zo kwiwandikisha

Agatabu gatanga inyishu
ziramvuye ku bibazo vyose
mufise



PAFEN
PROJET D'APPUI AUX FONDATIONS DE
L'ECONOMIE NUMERIQUE AU BURUNDI



Ibirimwo

Ibibazo bikunda kubazwa (FAQ) muri rusangi « e-KORI » 4

FAQ « Kwiwandikisha » 5

FAQ « Ibimenyetso ndangamuntu n'isango » 6

FAQ « Mu gihe nsanganywe inomero ndangamutangakori _ nobigenza gute? » 8

FAQ « Ibibazo bijanye n'ikoreshwa ry'ubuhinga » 9

FAQ « Ibijanye n'ukwikingira, kwirinda ubusuma n'abibisha amayeri » 10

FAQ « Ibihuha, ibiringo n'ubwinshi bw'abiyandikisha » 11



PAFEN
PROJET D'APOUI À L'ÉCONOMIE NUMÉRIQUE AU RWANDA



Murahawe ikaze mwisomere ibibazo bikunda kubazwa ku bijanye na e-KORI : uburyo bworoshe kandi bwizewe bugufasha kwiwandikisha nk'umutangakori

e-KORI ni urubuga ngurukanabumenyi rushasha **rw'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi (OBR)**. Rurabapfunyira urugendo mu bikorwa vyanyu nk'umutangakori, bigakorwa mu mwanya muto kandi vyoroshe. Intambwe ya mbere yamaze gutangura ijanye **n'ukwiwandikisha kw'umutangakori** (Kuronka no kuzigama inomeru ndangamutangakori, NIF),

Ivyo e-KORI yaje guhindura :

- Kwiwandikisha uciye ku rubuga e-KORI : Ukoresheje imashini nyabwonko yawe canke terefone yawe ngandanwa irimwo intereneti uca wiwandikisha nk'umutangakori ata ntambamyi n'imwe.
- Sezera ingendo: Intambwe nyamukuru zose uzikorera aho uri ata mirongo utonze.
- Vyose bikorerwa mu muco: Muraronka ubutumwa kuri imeyiri bubamenyesha uko dosiye iriko iragenda intambwe ku yindi.
- Biroroshe cane: Barabigufasha ku ntambwe yose gushika uronse urupapuro ruguha uburenganzira bwo gutangura ibikorwa vyawe.

Iki cegeranyo **c'ibibazo bikunda kubazwa** kiriho kugira ngo kibafashe. Gihurikiyemwo inyishu zitomoye z'ibibazo bikunda kubazwa.

Intumbero: Intumbero ni iyo kubafasha kugira ngo mushobore kwiwandikisha intambwe ku yindi ku rubuga e-KORI mutiriwe murarondrera ababafasha.

Impanuro zobafasha kugira ngo mukoreshe neza ico cegeranyo c'ibibazo,

- Banza utomere ikibazo ufise (ushaka kwiwandikisha gushasha, usanzwe waramaze kwiwandikisha, ni ikindi kibazo) hanyuma uce ubandaniriza ahukurika.
- Kurikirana uraronswe inyishu intambwe ku yindi: Inyishu zitangwa mu majambo yoroshe gutahura.

 Wipfuzwa uwugufasha? Hamagara ku buntu ku nomero : **500.**

1. IBIBAZO BIKUNDA BIKUNDA KUBAZWA muri rusangi « e-KORI »

Ikibazo1.1. E-KORI n'Ubuhingira bwa mbere SSM1 bisigura iki?

Inyishu: e-KORI ni urubuga ngurukanabumenyi rw'ikigo co kwegeranaya amakori n'amategisi (OBR). Rufise intumbero yo gukoresha ubuhinga bugezweho no kworohereza abatangakori mu bikorwa vyabo kugira ngo binyaruke kandi ata ngendo biriwe barafata.

Ubuhingira bwa mbere SSM1 bushimikiye ku kwiandikisha: Ushobora gusaba inomeru ndangamutangakori (NIF) ugakora intambwe zose zijanye no kwiandikisha uciye ku rubuga e-KORI kandi ukabikorera aho wibereye.

Ikibazo1.2. Ubuhingira bwa mbere SSM1 busigura iki neza na neza ?

Inyishu:Ubuhingira bwa mbere SSM1 ni ubuhinga bujanye n'ukwiandikisha kw'abatangakori, bufasha kugira ngo umutangakori aronke inomeru yihariye imuranga (NIF) yongere yiyandikishe biciye ku buhingira ngurukanabumenyi ata ngendo yiriwe arafata ku ntambwe zose.

Ubundi buhingira busigaye (Itagisi ku nyongeragaciro (TVA), kugenzura ibikorwa bijanye no gutunganya amakori n'amategisi, ibijanye no guharura no gutunganya ivy'amafaranga n'ibikorwa bijanye, ...) buzoshirwa mu ngiro mu nyuma kimwe cose inyuma y'ikindi.

Ikibazo1.3. Nzatangura gukoresha urubuga e-KORI ryari?

Inyishu: Igice kijanye no kwiandikisha kiri ku rubuga kuva ku munsu wo gutanguza ibikorwa vy'urubuga ku mugaragaro 04/08/2026. Mushobora kurwinjiramwo mucye ku rubuga rwemewe n'amategiko rwa e-KORI guhera umunsu rwuguruwa.

Ikiraro kibashikana kuri urwo rubuga kizoshikirizwa ku rubuga rwo kumenyesha amakuru rw'ikigo OBR n'imbuga hwaniro zaco.

Ikibazo1.4. None gukoresha urubuga e-KORI vyoba birihishwa?

Inyishu: **Habe namba.** Kwiandikisha uciye ku rubuga e-KORI ni ku buntu ijana kw'ijana. Ikigo OBR ntikizokwigera kibarihisha kugira ngo muronke inomeru ndangamutangakori (NIF).

Nihagira uwugusaba amafaranga ajanye n'igikorwa co kwiandikisha, buzoba ari ubunyonyezi: uraca uhamagara ku buntu ku nomero 500 ubishikirize.

Ikibazo1.5. Mbega intereneti canke imashini nyabwonko vuba bikenewe kugira niyandikishe?

Inyishu :**Ego cane.** Kwiandikisha bikorwa biciye ku buhingira ngurukanabumenyi mukoresheje terefone ngendanwa canke imashini nyabwonko zifise intereneti. Umwanya ushatse wose urashobora kwinjira kuri e-KORI uciye ku rubuga ngurukanabumenyi rw'ikigo OBR ugaca ukwirikirana intambwe zose ata ngendo ufashe.

2. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Kwiyaandikisha »

Ikibazo 2.1. Intambwe zo kwiyaandikisha ni izihe?

Inyishu : Kwiyaandikisha bikorwa mu ntambwe zine nyamukuru :

- Intambwe ya 1 – Gusaba kwiyaandikisha uciye ku rubuga e-KORI(Uciye ku rubuga rwemewe ; ku bakora ibikorwa vyo kudandaza, babanza gukora ibisabwa muri ADB baciye kuri easybusiness.bi.
- Intambwe ya 2 – Muca muronka ubutumwa kuri imeyiri bubaha isango ryo kuja gutanga ibimenyetso ndangamuntu vyawe (Ibi biraba abikorera ku giti cabo gusa)
- Intambwe ya 3 – Gutanga ibimenyetso ndangamuntu ku kigo OBR (Ibimenyetso vy’intoke n’ifoto y’isura), (biraba abikorera ku giti cabo)
- Intambwe ya 4– Baca basuzuma idosiye yawe(Ivyo washikirije)
- Intambwe ya 5 –Baca bakurungikira kuri imeyiri urupapuro ruguha uruhusha rwo gutangura ibikorwa.

Ikibazo 2.2. Mbega ni izihe mpapuro nokwibangikanya?

Inyishu : Wokwitegekanya ikarata karangamutu n’impapuro zerekana ivyo ukora (Impapuro zemeza urudandazwa ukora mu gihe ufise ishirahamwe)

Urutonde rw’ibisabwa barabikwerekana ugutangura intambwe ya mbere yo kwiyaandikisha.

Ikibazo 2.3. Urubuga easybusiness.bi (ADB) hamwe na e-Kori bitaniye kuki?

Inyishu : Ku bantu bakora urudandazwa, intambwe ya mbere ibera ku rubuga easybusiness rwa ADB. Ivyo birangiye, amakuru ajanye n’ivyo mwashikirije aca atangwa buno nyene mu kigo OBR biciye mu buhinga bw’urubuga e-KORI.

Bisigura ko ibikorwa vya easybusiness.bi bishingiye ku rudandazwa hanyuma ibikorwa vya e-KORI navyo vyerekeye uruhande rujanye n’amakori.

Ikibazo 2.4. Kwiyaandikisha vyoba bimara igihe kingana gute?

Inyishu : Mumaze gutanga ibisabwa hamwe n’ibimenyetso ndangamuntu, dosiye yanyu baca bayitunganya biciye buhinga bw’urubuga e-KORI. Muja muraronka ubutumwa bubamenyesha uko intambwe zigenda zirakurikirana , hanyuma mugaca muronswa urupapuro rubaha uburengazira bwo gutangura ibikorwa rwemeza ko iyandikwa ryagenze neza.

Igihe dosiye imara kivana n’abantu basavye ingene bangana, na canecane mu minsi ya mbere yo gutangura ibikorwa ku rubuga.

Ikibazo 2.5. Mbega umuntu arashobora gufasha kwiyaandikisha (umugenzi canke umukozi wiwe)?

Inyishu : Gufasha umugenzi kugira ngo atange ibisabwa n’ubuhinga biciye ku rubuga birashoboka ariko hageze ku ntambwe yo gutanga ibimenyetso ndangamuntu (Ibimenyetso vy’intoke n’ifoto y’isura) ivyo bitangwa na nyene kubisaba ubwiwe. Ku mashiramwe, kwiyaandikisha bikorwa n’uwuriserikira bivanye n’ingene amategako y’ishirahamwe atunganyijwe.

3. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Ibimenyetso ndangamuntu hamwe n’ugutanga isango »

Ikibazo 3.1 Kubera iki ntanga ibimenyetso ngangamuntu?

Inyishu : Ibimenyetso ndangamuntu (ibimenyetso vy’intoki hamwe n’ifoto) bifasha gukingira neza umwidondoro wawe nk’umutangakori, bikongera bigafasha ngo izina ryawe ntiriyandikwe kabiri canke hagire uwuruyitirira. Ni intambwe ihambaye yo gukingira inomeru ndangamutangakori yawe. Umwidondoro wawe n’amakuru akwerekeye bica bitunganywa mu buryo bwizewe kandi bukingiwe, hisunzwe uko bisanzwe bitunganijwe.

Ikibazo 3.2. Iyo ntaronse ubutumwa bumpa isango ryo kuja gutanga ibimenyetso ndangamuntu, noca nkora iki?

Inyishu : Ntugire amakenga, tekana. Mu gihe warashikiriye ibisabwa vyose, idosiye yanyu iba yarabitswe neza. Ubutumwa burashobora gufata umwanya kugira bugushikire canecane iyo abatanze ama dosiye yo kwiandikisha ari benshi cane. Muje murasuzuma imeyiri yanyu (no mu butumwa bwazimiye). Mu gihe muhebuye inyishu, murashobora kwitura ahari abakozi b’ikigo OBR bajejwe kwakira abafise ivyo babaza.

Ikibazo 3.3. Ibimenyetso ndangamuntu babitanga ryari ? Bitangirwa hehe ?

Inyishu : Uzokwisunga ibiri mu butumwa waronse muri imeyiri yawe, niho usanga itariki n’umunsi. Ntufate urugendo ata butumwa buguha isango uraronka. Uzogende witwaje ikarata ndangamuntu yanditswe mu butumwa.

Ikibazo 3.4. Mu gihe mba mu ntara ya kure , ntegerezwa gufata urugendo nkaza i Bujumbura?

Inyishu : Habe namba, nta ngendo zindi ufata. Harategakanijwe ibiganiro n’ibibibanza vyo gusigurira abavyipfuzi bose mu ntara zose kugira ibikorwa vy’abatangakori vyorohe. Muje murabaza amakuru ku kibanza kibegereye, amakuru azocishwa no ku matangazo hamwe n’amaradiyo asamiranira mu ntara zibegereye.

Ikibazo 3.5. Iyo ibikorwa vyo kwegeranya ibimenyetso ndangamuntu bihungabanye haba habaye iki?

Inyishu : Birashobora gushika hakaba utugorane mu buhinga bw’ivyuma vy’urubuga hanyuma ibikorwa vyo kwegeranya ibimenyetso ndangamuntu bigahagarara batavyipfuzi. Muri ico gihe muraronswe isango rishasha, umutangakori bakamurungikira ubutumwa. Idosiye yawe ntiba yaratakaye, iguma ibitswe neza.

3. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Ibimenyetso ndangamuntu hamwe n’ugutanga isango »

Ikibazo 3.6. Ibijanyene na Bometrie kuma sociétés coopératives canke ama sociétés des personnes bizogenda gute? Ikindi naco ubwo ntumubona ko tuzosanga hari umurongo muremure pour identification physique ?

Inyishu : Kukijanye na biométrie (ibimenyetso ndangamuntu) ku ma sociétés coopératives canke ama sociétés des personnes nkuko amategeko abisaba bazobanza baje muri ANACOOOP barondera ibisabwa babironse bavyinjize mu rubuga e-KORI. Abaserukira abandi bagize inama nshingwabikorwa batagerezwaga kuba bafise inomero ndangamutangakori (NIF) kugiti cabo aho bazoba barafashwe ivyo bimenyetso ndangamuntu baheze baronke inomero ndangamutangakori (NIF) ya coopérative yabo.

Ku mashirahamwe ya bantu (Sociétés des personnes) uwuriserukira imbere y’amategeko canke uwurirongoye azoba yarabanje kurondra ku giti ciwe inomero ndangamutangakori (NIF) ku mvo zisabwa n’abajejwe intwari hanyuma aze kwandikisha ishahamwe (société) ryiwe acaheza aronke inomero ndangamutangakori yiryo shirahamwe

Nta mirongo miremire izobaho kuko abatangakori biyandikisha bazoba bitavye ku biro vya OBR bikwiye igihugu cose, umwe wese akajya ku biro vyegereye aho asanzwe arangurira imirimo yiwe ya misi yose ; Ikindi n’uko azoba yabanje kuronka isango ryo kuza gufata ibimenyetso ndangamuntu (Biométrie) ku buryo ata benshi bazohahirira

Ikibazo 3.7. Kurico nyene ca reconnaissance faciale muvuze ko umuntu atazozubugira kabiri none uwufise société zibiri canke zirenga, bizoca bigenda gute?

Inyishu : Umuntu afise sociétés zibiri canke zirenga azozarimwe gusa gufata ibimenyetso ndangamuntu (Biométrie) rizobarimaze. Ivyo bimenyetso ndangamuntu OBR izoheza ibikoreshe no ku yandi mashirahamwe (sociétés) abiri canke arenga.

4. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Mu gihe nari nsanganywe inomeru ndangamutangakori_nobigenza gute? »

Ikibazo 4.1. Naramaze kwiandikisha ,nsubira gutangura gushasha?

Inyishu : Oya . Waramaze kwiandikisha nta zindi ntambwe usubira gukora zijanye no kwiandikisha kandi inomeru ndangamutangakori wahorana igumana agaciro.

Amakuru ajanye n’umwidondoro mwataze azokwinjizwa mu rubuga e-KORI bukebuke. Igihe bishitse bagasanga hari izindi ntambwe ziyongerako zikenewe muzozobimenyeshwa biciye mu matangazo yizewe nk’uko bisanzwe (nk’akarorero : Vuba mwitegure kugenda gutanga ibimemyetso ndangamuntu) .

Impanuro ku bakozi ba OBR : *Ni co kibazo kigaruka kenshi: bishure buno nyene muti « Si vyo na gato, ntusubira kwiandikisha, Inomeru ndangamutangakori yawe igumana agaciro. »*

Ikibazo 4.2. Inomeru ndangamutangakori izoguma ari iyo nyene?

Inyishu : Ego cane, inomeru ndangamutangakori mufise (NIF) iguma ari yo ibaranga. Ntimukeneye kugenda gusaba iyindi nshasha.

Ikibazo 4.3. Ni ryari nzogenda gutanga ibimemyetso ndangamuntu mu gihe nari naramaze kwiandikisha?

Inyishu : Hazotunganywa iminsi idasanzwe yo kwegeranya ibimemyetso ku batangakori bari basanganywe inomeru ndangamutangakori. Muzorindira ubutumwa buhamagara : ntumufate ingendo mudatumweko. Amagenekerezo, ibibanza n’ingene bizokorwa muzobimenyeshwa biciye mu matangazo asanzwe, kuri imeyiri no kubutumwa mu ma terefone ngendanwa yanyu .

Ikibazo 4.4. Hari ico nobanza gusuzuma imbere yo gufata urugendo?

Inyishu : Ego cane. Imbere yo kuva aho uri, subira urabe ubutumwa waronse: igenekerezo n’ikibanza wahawe , impapuro wibangikanya n’amategako utegerezwa kwubahiriza uhashitse.

Ikibazo 4.5. Mu gihe nahinduye ikibanza canke igisata nakoreramwo igihe niyandikisha, nzokora iki ?

Inyishu : Murashobora guca mutanga umwidondoro mushasha wanyu bivanye n’ingene ikogo OBR cabitegekanije. Mu kurindira mugumize ivyemezo vyanyu ahadata.

Mu ntumbero yo gushira umwidondoro wanyu ku gihe, mugume mukwirikirana amakuru ashikirizwa canke muvyandike ahantu kugira ngo bizobafashe kwibuka ingene mwobikurikirana.

5. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Ibibazo bijanye n’ubuhinga bw’urubuga »

Ikibazo 5.1. Birashobora gushika urubuga e-KORI ntirwuguruke canke rukitonda cane.

Inyishu : Birashobora gushika ko urubuga rugira ingorane na canecane mu gihe abariko bararukoresha ari benshi. Abahinga babijejwe baguma hafi kugira basubize ibintu ku murongo.

Musabwa kuja muragerageza mu nyuma, ivyo muba mwamaze kwuzuza ntaho bija, ntibitakara.

Ikibazo 5.2. Iyo ndonse ubutumwa bumbwira ko nihenze iyo ndiko shikiriza umwidondoro wanje, nokora iki?

Inyishu : Gerageza ibi bintu bikurikira kandi birooroshe: Subiza ku gihe umuvuduko, Gabanya urutonde rw’ibintu wagiye urarondera, raba urugero rw’umuvuduko wa interanet, uce usubira ugerageze ,

Ikibazo kibandanije, andika utomere ingorane wagize bizofasha kugira bagufashe canke bakemure ico kibazo.

Ikibazo 5.3. Iyo ntaronse inomeri ndangamutangakori (NIF) bigenda gute?

Inyishu : Iyo muhejeje kwiwandikisha, urupapuro rubaha uruhusha rwo gutangura ibikorwa muca mururonswe biciye kuri imeyiri yanyu. Suzuma mu bubiko bwawe ndetse no mu butumwa bwahushije inzira. Murashobora no kuraba ku rubuga e-KORI aho muriko murakorera. Mutabonye ubwo butumwa ku gihe, tuzoheza dukore ibishoboka vyose dusuzume idosiye yanyu.

Ikibazo 5.4. Iyo ntaronse ubutumwa kuri imeyiri bigenda gute?

Inyishu : Banza musuzume ko inomeri na imeyiri vyanditswe neza muce muraba mu kibanza c’ ubutumwa bwazimiye. Birashobora gushika ubutumwa bugateba gato kubera abariko bakoresha urubuga ari benshi. Ata gikozwe mu gihe categekaniye, tuzoheza dukore ibishoboka vyose kugira tubatunganirize.

Ikibazo 5.5. Mbega iyo nihenze nkandika ibitari vyo, ndashobora kubihindura?

Inyishu : Bivanye n’intambwe mugeze, amakuru amw’amwe murashobora kuyahindurira aho muriko murakorera. Umuvuduko wa interanete umeze nabi, andika ingorane wagize iyo ari yo kugira abo mu buhinga babitunganye. Ntuhawe utangura gushasha kuko wohava usanga wiyandikishije kabiri.

6. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Ibijanye n’ukwikingira, kwirinda ubusuma n’ abibisha amayeri »

Ikibazo 6.1. Iyo ndonse ubutumwa kuri imeyiri canke SMS kuri terefone inyereka inzira nocamwo kugira niyandikishe , nokwizera ubwo butumwa?

Inyishu : Mwiubare, ntimwinjire ku rubuga mucye ku kiraro murungikiwe mu butumwa bwa terefone canke kuri imeyiri mu kwiandikisha . Mwinjire ku rubuga rwa e-KORI mucye ku rubuga rwo kumenyesha amakuru rw’ikigo co gutoza amakori n’amatagisi OBR rwemewe n’ amategeko gusa. Ikigo OBR ntikizokwigera kibasaba ibiharuro kabanga vyawe canke amakuru ajanye na banki yawe ibicishije kuri ku butumwa busanzwe kuri terefone canke kuri imeyiri. Mugize amakenga hamagara ku buntu ku numero 500 kugira babafashe.

Ikibazo 6.2. Hagize uwunsaba amafaranga mu kwiandikisha, nokora iki ? Biremewe ?

Inyishu : Oya , ntivyemewe. Ubwo ni ubusuma. Kwiandikisha bikorwa ku buntu. Ikigo OBR nta mafaranga kirihisha mu gutunganya igikorwa co kwiandikisha nk’umutangakori. Ntutange ifaranga na rimwe, ahubwo uce ushikiriza ivyakubayeko (mukuga inomero, ikibanza n’ingene vyagenze) kugira ngo babimenyeshe ibisata bibijejwe.

Ikibazo 6.3. Hagize uwunsanga muhira akambwira ko ari umukozi w’ikigo OBR, Novyemera?

Inyishu : Abakozi bazwi b’ikigo OBR barangwa n’umwambaro w’akazi kandi barafise ikarata y’akazi. Mugize amakenga ntihagire amakuru canke amafaranga mubaha kandi muce muhamagara ku numero 500 kugira babitohoze.

Mwibuke ko kwiandikisha bikorwa ku buntu kandi mumenye ko hari amakuru ajanye n’amabanga yanyu mutoha umuntu mutazi.

Ikibazo 6.4. Mbega amakuru ajanye n’amabanga yanje yoba akingiwe ?

Inyishu: Ego cane. Amakuru ajanye n’umwidondoro mwatanze arakingiwe mu buryo bwizewe nk’uko bitegekanijwe n’amategeko. Ntihagire n’umwe muha amakuru mukoresha mu kwinjira ku rubuga naho yobabwira ko ari umukozi w’ikigo OBR.

7. IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA « Ibihuha, ibiringo n’ubwinshi bw’abiyandikisha »

Q7.1. Narumvise bavuga ko ibikorwa vyo gutanguza kwiandikisha biciye ku rubuga e-KORI vyasibijwe, Vyoba ari vyo?

Inyishu : Sivy namba. Ibikorwa bijanye no gutanguza igice c’ukwiandikisha kw’abatangakori bizoba kiretse wumvise itangazo ry’ikigo OBR ribisivya. Ntimwumvirize ibihuha .

Hagize igihinduka ico arico cose kizocishwa ku mihora yemewe y’ikigo co gutoya amakori n’amatagisi OBR honyene.

Q7.2. Mbega hamwe noba nariyandikishije iminsi mike imbere y’uko ubuhinga bwa e-KORI butangura bizogenda gute?

Inyishu : Ntimugire impungenge. Nimwaba mwaratanguye kwiandikisha imbere y’uko urubuga e-KORI rutangura gukora , muzobandanya mwiandikisha mukoresheje ubuhinga bwahahora gushika muronke urupapuro rubaha uburenganzira bwo gutangura ibikorwa vyanyu.

Nta bikorwa na bimwe babasaba gutangura uciye kuri urwo rubuga rushasha.

Abasavye kwiandikisha guhera ku munsu ibikorwa vya e-KORI vyatanguzwa icese nibo bizobera ku rubuga rwa e-KORI.

Q7.3. Mfise ubwoba ko noba naracerewe kwiandikisha? Hoba hararengeranye?

Inyishu : Oya , tekana. Inyuma yo gutanguza ibikorwa vy’urubuga e-KORI ku mugaragaro, ibikorwa vyo kwiandikisha birabandanya ukuri kwamye. Nta na kimwe mwatakaje.

Nimwaba mwari mwaramaze kwiandikisha inomero ndangamutangakori yanyu igumana agaciro, hamwe mwoba mutariyandikisha naho, mwoca mubikora ubwo nyene.

Q7.4. Ni Kubera iki haba hari abantu benshi ku bibanza kwiandikishirizako?

Inyishu : Kuba hari abantu benshi biratahuritse mu minsi ya mbere yo kwugurura ibikorwa ku rubuga. Kugira mwirinde gutonda imirongo, ni mwiandikishe mucye ku rubuga e-KORI mutiriwe murafata ingendo hanyuma murindire kugeza muronse ubutumwa bubamenyesha isango.

Turabashimiye kuba mwihanganye kandi mukadutahura.

Q7.5. Nahamagaye ku nomero 500 ndindira umwanya muremure imbere yo kwakirwa .

Inyishu : Muradutunga kubona vyatevye kubera abariko barakoresha urubuga ari benshi. Turiko turakora ibishoboka kugira tubatunganirize. Hari ibibazo bikunda kubazwa, murashobora kubisoma ku rubuga rwo kumenyesha amakuru rw’ikigo OBR canke mukagenda gusaba ko babafasha mu bibanza vyategekanijwe.

Q7.5. Ni hehe noronka amakuru yemewe kandi yizewe ?

Inyishu : Amakuru yemewe uyasanga ku rubuga rwo gushikiriza amakuru rw’ikigo OBR canke uciye mbuga hwaniro zemewe (imbuga zemewe). Harategekanijwe inomero uhamagarako ku buntu ukaronswa inyishu ku kibazo cose woba ufise, iyo nayo ni 500.

Mwirinde amakuru yose acye ku mihora itemewe n’amategeko.

Woba ufise ikindi kibazo?

Hamagara ku buntu ku numero 500, turabakirana urweze.

